



HORNETS BUZZ

N ap grandi ansanm nan ekselans, sèvis ak entegrite.

19 OUT 2026

VOL. 2

N ap grandi ansanm nan ekselans, sèvis ak entegrite.



Pare, Kòmanse, Grandi!

Nou byen kòmanse dezyèm semèn lekòl la! Semèn sa a, elèv yo ap fè evalyasyon *i-Ready Inform* yo; evalyasyon sa yo bay pwofesè yo bonjan enfòmasyon sou pwen fò chak elèv ak domèn kote yo bezwen amelyore. Rezilta sa yo pral ede pwofesè nou yo planifye ansèyman an epi bay elèv yo sipò yo bezwen pou yo pwogrese ak reyisi pandan tout ane eskolè a.



Kolaborasyon an Aksyon!

Plezi a ap kontinye

Pwogram STARS nou an apre lekòl la fin kòmanse ofisyèlman! Elèv yo jwi yon pwogram apremidi ki byen òganize; li gen ladan l yon ti goute, sipò akademik ak èd pou devwa, epi aktivite enteresan pou anrichi konesans yo, tankou òkès, robotik, teyat, dans, jadinaj ak kouti. Pwogram nan ap kontinye jiska 6:00 p.m. Fanmi ki vle enskri pitit yo ka pase nan Biwo Prensipal la pou jwenn enfòmasyon sou enskripsyon an.



Aprann koud tankou yon pwofesyonèl





Arive ak Depa

Pandan n ap abitye ak woutin lekòl la, tanpri kenbe lè enpòtan sa yo nan tèt ou. Lè pou depoze elèv yo nan maten epi kòmanse sipèvize yo se a 7:15 nan maten. Yo sèvi manje maten ant 7:15 ak 7:45 nan maten, epi lekòl la kòmanse egzakteman a 8:00 nan maten. Tanpri, pa depoze elèv yo anvan 7:15 nan maten, paske pap gen moun pou sipèvize yo.

Lè pou elèv yo kite lekòl (si yo pa enskri nan pwogram apre lekòl STARS la) se ant 2:45 ak 3:15 nan aprèmidi. Nenpòt elèv ki rete nan lekòl la apre 3:15 nan aprèmidi ap antre nan pwogram apre lekòl STARS la, epi y ap fè w peye frè ki koresponn ak pwogram nan. Nou apresye koperasyon w pou ede pwosesis lè elèv yo rive ak lè y ap kite lekòl la fèt an sekirite epi san pwoblèm.

Konsantre sou CST

Chak mwa, n ap mete aksan sou yon prensip nan Ansèyman Sosyal Katolik (CST) ki ankouraje elèv yo viv lafwa yo. Mwa sa a, n ap konsantre sou prensip ki rele "Apèl pou Fanmi, Kominote ak Patisipasyon" an; li fè nou sonje pou n ranfòse fanmi nou, pran swen lòt moun, epi pote kontribisyon nou nan kominote nou yo.



DAT POU KONNEN

7 Septanm

- Fèt Travayè yo - Pa gen lekòl

11 Septanm

- Lekòl ap fini bonè a 1è nan apremidi
Pa gen aktivite apre lekòl

13 Septanm

- Mès pou lekòl ak fanmi yo a 9è nan maten

14 Septanm

- Rapò sou pwogrè elèv yo disponib

15 Septanm

- Mwa Eritaj Ispanik
Kòmanse



RETE KONEKTE

Rele nou:

(305) 947 - 6535

Vizite sitwèb lekòl nou an:

<https://www.holyfamilynorthmiami.org/>

Swiv nou sou Instagram:

@HolyFamilyCS



Misyon nou se bay yon edikasyon bon kalite ki chita sou sakreman yo ak valè Levanjil yo. Nou vize temwaye lafwa Katolik nou atravè ekselans akademik, sèvis kominotè ak entegrite, yon fason pou elèv nou yo jwenn kapasite pou yo rive nan tout potansyèl yo.